FEMA

Asistans nan Katastwòf

Pwosesis Aplikasyon an

Aplikan yo ta dwe enskri depi yo rele nimewo gratis Ajans Federal pou Jesyon Ijans nan **800-621-FEMA (3362)**. Si ou bèbè oswa si ou soud epi w ap itilize yon TTY, rele **800-462-7585** dirèkteman; si ou itilize 711 oswa Sèvis Relè Videyo (VRS), rele **800-621-3362**. Gen asistans ki disponib nan plizyè lang. Moun ki viktim yo kapab enskri nan Entènèt tou nan sitwèb **www.DisasterAssistance.gov**

SBA Trifold FEMA Disaster Assistance Haitian Creole

1

Men Sa ki Pral Pase . . .

* N ap mande ou enfòmasyon jeneral sou revni ou, asirans ou, domaj ki fèt nan kay ou ak bezwen lojman ou.

Enskripsyon Konplè . . .

• N ap ba ou yon nimewo aplikasyon pèsonèl ou ranpli. Ekri nimewo sa a, epi kenbe li yon kote ki pwoteje, epitou pare li pou itilize pidevan.

Kèk Jou Apre . . .

• Yon enspektè FEMA ap kontakte ou pou pran yon randevou;
• Enspektè FEMA a ap vini lakay ou pou note domaj yo;
• L ap mande ou prèv ki montre ou posede ak abite nan kay la.

Annapre . . .

• Si ou kalifye pou èd FEMA, w ap resevwa yon chèk oswa yon depo dirèk lajan an ak yon lèt apa k ap eksplike kijan ou ka itilize lajan an.
• Pwopriyetè kay yo ka itilize sibvansyon FEMA pou reparasyon lojman pou reparasyon ki nesesè pou fè kay ou vin pwoteje, ijyenik ak fonksyonèl. Sibvansyon sa yo la pou reparasyon ki nesesè pou fè chanm prensipal yo vin abitab.
• Sibvansyon federal yo se sèlman yon fòm èd pou katastwòf ki disponib pou moun ki viktim yo.
• Administrasyon Ti Biznis Ameriken (SBA) se yon sous prensipal lajan federal pou sekou alontèm, epi li kapab ede pwopriyetè kay yo oswa lokatè yo.

2

Asistans nan SBA pou Katastwòf

Administrasyon Ti Biznis Ameriken (SBA) ka voye ba ou yon pake aplikasyon pou prete lajan apre ou fin enskri nan FEMA. Pake sa a se yon pati enpòtan nan pwosesis sibvansyon FEMA.

Kimoun ki Kalifye?

• Pwopriyetè kay, lokatè, òganizasyon ki pa komèsyal ak biznis tout dimansyon kapab aplike pou prete lajan SBA pou yon ti enterè pou peye pou depans redrèsman ki pa garanti nan asirans oswa nan lòt sous.
• Moun ki gen biznis ki baze lakay yo oswa ki baze nan pwopriyete yo lwe epi ki te afekte nan katastwòf la ka kalifye tou pou prete lajan nan SBA akòz katastwòf la.

Kisa ki Kalifye?

• BYEN IMOBILYE (kay ak biznis)
• BYEN PÈSONÈL (byen pèsonèl tankou rad, mèb ak otomobil pou pwopriyetè kay yo ak lokatè yo)
• ENVANTÈ BIZNIS, MACHINRI AK EKIPMAN

3

FON WOULMAN (ti biznis ak pifò òganizasyon prive ak òganizasyon ki pa komèsyal)

Ki Kondisyon ki genyen?

• Pwopriyetè kay yo kapab prete jiska $200,000 pou repare oswa pou ranplase kay prensipal yo.
• Pwopriyetè kay yo ak lokatè yo kapab prete jiska $40,000 pou ranplase byen pèsonèl yo.
• Pwopriyetè biznis yo kapab prete jiska $2 milyon dola pou domaj fizik ak domaj ekonomik. Prè akòz Domaj Ekonomik (EIDL) disponib menm si biznis yo pa t pran domaj fizik nan katastwòf la men si yo te afekte ladan. Prè sa yo bay lajan pou depans biznis ak fon woulman san rete.
• To enterè ki pa depase:
— 1.688% pou pwopriyetè kay yo ak lokatè yo;
— 4% pou biznis yo; epi
— 3% pou òganizasyon non-komèsyal
• Se SBA ki fikse kantite lajan prè a ak kondisyon yo epi selon kondisyon finansye chak aplikan.
• Dire peman jiska 30 ane fè prè fasil pou aplikan yo.

Ou Bezwen Èd Oswa Ou Gen Kesyon Sou Prè SBA akòz Katastwòf?

Èd fas-a-fas pou ranpli pake aplikasyon prè SBA disponib nan nenpòt Sant Sekou pou Katastwòf oswa nan Sant Asistans Prè SBA pou katastwòf. Pou jwenn biwo ki pi pre ou, rele Sant Sèvis Kliyan SBA nan nimewo 800-659-2955 oswa Liy Èd FEMA, 800-621-3362.

4

Pwogram FEMA pou Moun Ak Kay

Asistans pou lojman ede satisfè bezwen lojman moun ki asosye avèk katastwòf la epi ki deplase nan kay prensipal yo oswa ki gen kay yo ki te vin pa ka abite. Domaj la dwe pa garanti nan asirans oswa pa garanti ase nan asirans pou kalifye.

Asistans pou Lojman gen ladan:

• Lojman Pwovizwa – yon kote pou viv pou peryòd tan limite, sou fòm asistans pou lwe kay.
• Reparasyon – pou pwopriyetè kay pou repare domaj ki pa garanti nan asirans pou fè kay ki domaje vin pwoteje, ijyenik ak fonksyonèl.
• Asistans finanse (jiska limit lalwa apwouve) – pou ede repare domaj katastwòf la lakòz ki pa garanti nan asirans.
Objektif la se pou fè kay ki domaje a vin pwoteje ak sanitè.
Nimewo

5

Lòt Bezwen

Lòt Asistans pou Bezwen se èd finansye pou bezwen serye ki asosye avèk katastwòf la ak depans ki nesesè. Kèk kalite èd limite pou aplikan ki pa t satisfè nivo revni SBA oswa ki pa t kalifye pou yon prè SBA pou katastwòf ki gen ti enterè.

Lòt Asistans pou Bezwen gen ladan:

• Medikal
• Dantè
• Antèman
• Byen pèsonèl
• Sèvis transpò
• Demenajman ak Estokaj

Chwa Liy Èd FEMAnan Nimewo Gratis

Apre ou te aplike pou èd, Liy Èd FEMA se yon bon resous. Ou ka mande enfòmasyon sou pwogram yo, kondisyon aplikasyon ou oswa kijan ou ka itilize lajan nan plizyè kalite pwogram asistans. Ou ka chanje enfòmasyon sou adrès ou ak lòt enfòmasyon.

6

Nimewo Pou Sonje
Nimewo Gratis pou Enskripsyon
800-621-FEMA (3362)
800-462-7585 (TTY)

Apre Enskripsyon
Nimewo Liy Èd
800-621-FEMA (3362)
800-462-7585 (TTY)